


FICH ENFÒMASYON

LIY TRAFIK ESPRÈS SOU WOUT S.R. 826/PALMETTO EXPRESSWAY



Depatman transpò nan Eta Florid (FDOT) konplete Pwojè amelyorasyon kapasite otowout S.R. 826/Palmetto Expressway nan Miami-Dade County, soti nan sid NW 36 Street rive sou NW 154 Street/Miami Lakes Drive. Yo te fè pwojè sa a pou reponn a demann moun nan kominote a pou redui blokis, amelyore koneksyon, epi bay chofè yo plis opsyon pou yo sikile sou otowout la. Men kèk nan amelyorasyon ki pi prensipal yo: yo ajoute yon nouvo liy trafik ki ale nan direksyon sid pou tout machin, yo agrandi pon yo pou plis machin ka pase, yo modifiye antre sou Liy Esprès yo pou pèmèt machin antre nan yo pi byen, epi yo fè kèk lòt amelyorasyon. Kounye a pwojè konstriksyon an fini, FDOT pral remete tèt yo sou Liy Esprès ki deja la yo pou ede jere demann nan epi amelyore sikilasyon an an jeneral, nan enterè tout chofè ki sou otowout la.

Wout Palmetto Express la se yon lòt opsyon chofè pandan trajè yo. Liy Esprès yo separe ak lòt liy trafik kote pou tout machin pase yo pou distenge ant moun ki pral lwen ak moun ki nan trafik lokal. Yo sèvi ak teknoloji avanse nan Liy Esprès yo pou kontwòle ak jere demann lan epi pou ankouraje tan vwayaj ki pi fyab sou Palmetto Expressway a.


AVANTAJ PWOJÈ A



Bay chofè plis opsyon nan depasman yo



Ogmante kapasite pou moun kalkile valè tan yo ka fè nan wout



Diminye blokis

Ap gen pankad ki va afiche konbyen tòn la ye anvan kote pou antre nan Liy Esprès yo. Siy yo make byen klè pou bay chofè ase tan ak espas pou yo pran desizyon si y ap pase nan Liy Esprès yo. Y ap peye pri tòn yo elektwonikman ak SunPass, epi fò tout moun ki vle pase nan wout sa yo gen yon kont SunPass ki aktif oswa yon transpondè ki menm ak Sunpass pou yo ka pase nan Liy Esprès yo.



**MEN EGZANP YON
PANKAD POU TÒL LA**



**MEN EGZANP YON
PANKAD POU ANTRE NAN
LIY ESPRÈS YO**




**MEN EGZANP PANKAD
POU SOTI NAN LIY
ESPRÈS YO**

MEN SA OU TE MANDE – MEN SA NOU LIVRE

Nou te mande w fidbak ou, epi nou koute ou! An 2019, FDOT te mennen yon kanpay popilè pou konprann sa popilasyon an bezwen epi pote solisyon nan kesyon transpò ki pou ta bay chofè fason pou yo vwayaje yon fason ki pi fyab epi ede jere blokis ni kounye a ni pi devan.

AMELYORASYON PWOJÈ A POTE

- ➔ Yo ajoute yon nouvo liy pou machin pase sou wout S.R. 932/ NW 103 Street/W 49 Street pou amelyore blokis. Kounye a gen 2 Liy Esprès epi 4 liy trafik nòmal nan pòsyon wout sa a.
- ➔ Yo konvèti yon Liy Esprès ki te ale nan direksyon nò pou yo fè l tounen yon liy trafik nòmal, pou ogmante kapasite wout la, yo refè kote pou antre sou Liy Esprès yo pou amelyore fason moun antre sou wout la, epi yo enstale sistèm pou detekte machin ki prale nan move direksyon nan kote yo fè pwojè a.
- ➔ Yo agrandi plizyè pon, pon ki ale nan direksyon sid yo, tankou pon ki travèse ray Metrorail yo ak ray tren FEC Railway yo.
- ➔ Kote pou antre sou wout Palmetto Express nan NW 154 Street/Miami Lakes Drive la yo deplase li al mete l nan NW 103 Street, sa amelyore aksè pou chofè k ap soti nan NW 154 Street ak nan NW 122 Street/W 68 Street.
- ➔ Yo modifiye ranp ki travèse ale nan direksyon lwès nan NW 103 Street pou ale nan direksyon sid sou Palmetto Expressway pou amelyore koneksyon an, epi yo agrandi pon ki ale nan direksyon sid la pou ajoute yon liy anplis sou wout la pou tout lòt machin pou ede diminye blokis ki te toujou nan zòn sa a.
- ➔ Yo reasfalte wout atè soti Okeechobee Road rive nan NW 122 Street pou amelyore kondisyon wout la ak kalite sikilasyon an.



LIY ESPRÈS KI ALE NAN DIREKSYON NÒ

KOTE POU ANTRE SOU WOUT LA

- Tou pre a nan direksyon nò
SW 8 Street
- Okeechobee Road

KOTE POU SOTI

- NW 122 Street
- Konekte Palmetto Express
dirèkteman ak 75 Express
- Premye sòti nan 75 Express
la se nan NW 186 Street/
Miami Gardens Drive


LIY ESPRÈS KI ALE NAN DIREKSYON SID


KOTE POU ANTRE SOU WOUT LA

- Konekte 75 Express
dirèkteman ak
Palmetto Express
- Koneksyon ki soti nan
75 Express la pou al sou
Palmetto Expressway a nan
direksyon sid tou pre a nan
sid NW 170 Street
- NW 103 Street

KOTE POU SOTI

- NW 74 Street
- NW 25 Street
- SW 24 Street/Coral Way





KONTAKTE NOU



Biwo Kominikasyon FDOT
(305) 470-5349

Al sou sit entènèt pwojè a:
www.826palmetto.com



@MyFDOT_Miami




@MyFDOTMiami



W ap bezwen yon SunPass
ki konekte, ki byen enstale
nan machin nan oswa yon
lòt transpondè ki menm ak
SunPass pou w ka pase nan
Liy Esprès yo nan Eta Florid.

Achte SunPass la epi ekonomize lajan!

**SI W BEZWEN PLIS RANSÈYMAN AL SOU
SIT SA A SUNPASS.COM**



Bati pou kenbe ou
an mouvman